

KITE KOMISYON SÈVIS PIBLIK FLORIDA EDE OU

Ou gen dwa pou resevwa bon jan sèvis piblik a you pri rezonab. Pri yo ak sèvis konpayi prive yo bay nan Florida se Komisyon Sèvis Piblik Florida (PSC) ki reglemante yo.

Si ou gen kesyon, ou ka rele PSC nan
1-800-342-3552,

Faks kesyon-w yo nan
1-800-511-0809,

Oubyen kontakte PSC nan
adrès entènèt sa a:
contact@psc.state.fl.us

Tyeke paj entènèt nou sou
www.floridapsc.com

Oubyen ekri
Florida Public Service Commission
Division of Service, Safety and
Consumer Assistance
2540 Shumard Oak Boulevard
Tallahassee, Florida
32399-0850

Fòm pou plent anliy 24è
www.floridapsc.com

KOMISYON
SÈVIS
PIBLIK
FLORIDA

KOMISYON
SÈVIS PIBLIK FLORIDA

Revize 3/2011

SI OU GEN YOU
PWOBLÈM AVÈK
**SÈVIS
PIBLIK
OU PRI YO**



KI SÈVIS YO KOMISYON AN REGLEMANTE?

PSC reglemante pri ak sèvis konpayi prive ki bay elektrisite, telefòn ak gaz natirèl. Konpayi prive ki bay dlo e ki trete dlo egou yo reglemante nan konte yo, kote konsèy komisyonè konte a te transfere ofisyèlman konpetans bay Komisyon Sèvis Piblik (PSC).

Komisyon an pa gen otorite pou reglemante pri etabli pa konpayi elektrik minisipal oubyen kooperativ elektrik yo. Men li gen konpetans limite pou revize relasyon yo ant pri you konpayi minisipal oubyen kooperativ chaje pou elektrisite a diferan klas kliyan, pou detèmine ke pri pou sèvis yo pa gen diskriminasyon.

Lè gen dispit ant konpayi yo osijè sèvis pou you zòn, Komisyon an gen otorite pou konsidere efè chak konpayi gen sou kliyan yo e pou detèmine ki konpayi ki dwe sèvi nan zòn nan. Komisyon an etabli tou ki estanda konpayi yo ki reglemante dwe kenbe nan sèvis yo bay.

AKSYON POU SÈVIS

Si ou gen you pwoblèm ak pri oubyen sèvis konpayi ki ba ou sèvis, kontakte konpayi a e eksplike-l pwoblèm ou. Fè sèten ou bay tout enfòmasyon nesèsè pou apiye plent ou. Konpayi a dwe envestige epi ba ou you eksplikasyon de aksyon li va pran.

Si konpayi a pa reponn ou nan you tan rezonab, oubyen si-w pa satisfè ak aksyon konpayi a, ou gen dwa kontakte Komisyon Sèvis Piblik Florida.

DIVIZYON APLIKASYON REGLEMAN AK ASISTANS POU KLIYAN KAPAB EDE

Moun yo ki analize plent kliyan reponn plis ke 70,000 apèl pa an e yo ekonomize plizyè milyon dola pou kliyan ki gen pwoblèm ak konpayi k'ap ba yo sèvis.

Men kèk ekzanp tip pwoblèm analis PSC yo ka ede-w ak yo:

- ◆ Tèmine sèvis ou san rezon
- ◆ Chaj sou bil pou sèvis ou kwè ki pa kòrèk ou pa otorize
- ◆ Pwoblèm pou li kontè ou
- ◆ Depo kliyan pou sèvis yo
- ◆ Move kalite sèvis
- ◆ Plent pou bil ki wo
- ◆ Pwoblèm sèvis koneksyon an reta
- ◆ Pwoblèm ak bil an reta

POTE PLENT BAY KOMISYON AN

Ou ka soumèt you plent lè-w al sou paj entènèt PSC nan www.floridapsc.com e ranpli you fòm pou plent anliy. Ou ka toujou bay plent pa telefòn nan 1-800-342-3552, oubyen voye sou faks nan

1-800-511-0809. Anplis, ou ka voye plent ou pa lèt a: Florida Public Service Commission, Division of Service, Safety and Consumer Assistance, 2540 Shumard Oak Boulevard, Tallahassee, FL 32399-0850. Ou pa bezwen you avoka pou pote plent ou. Moun ki gen kesyon legal espesifik ka refere a chapit 350, 364, 366 e 367 nan Lwa Florida.

Ou ka ekonomize tan pou ou ak pèsònèl PSC lè ou bay tout enfòmasyon sou plent ou. Anvan pou you envestige plent ou, pèsònèl PSC bezwen enfòmasyon sa yo:

- ◆ Non ou, adrès/ou bwat postal, vil, konte, ak zip kòd ou
- ◆ Non konpayi a ak nimewo kont ou
- ◆ Non moun nan konpayi a ou te pale ak yo
- ◆ Tout detay sou plent ou
- ◆ Aksyon konpayi a te pran apre plent ou
- ◆ You eksplikasyon kout sou solisyon ou ta vle

AKSYON SOU PLENT OU

Pèsònèl PSC va revize plent ou e diskite pwoblèm nan ak ou. Menm si PSC pa ka rezoud chak plent pou satisfè kliyan an, li aji rapid sou plent yo e li fè tout efò pou wè ke yo regle byen.

Majorite plent yo rezoud you fason enfòmèl pa diskisyon ant kliyan an, konpayi an ak pèsònèl PSC. Men, si efò sa yo pa satisfèzan, pèsònèl PSC ka ba ou enfòmasyon sou ki jan ou ka jwenn plis revizyon pou plent ou.